# QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING FARMOYISHI

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ BIYLIGI

2023 - yil 15 - sentabr 205-13-0-F/23 Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

Ózbekstan Respublikası Byudjet kodeksiniń 73-statyasına muwapıq, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikası Ishki isler ministrligi, Milliy gvardiyanıń Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha basqarması, Jaslar isleri agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasınıń 2023-jıl fevral ayındağı Qaraqalpaqstan Respublikası aymağındağı jaslardı áskeriy-watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw jumıslarınıń nátiyjeliliiligin jańa basqıshqa alıp shığıw is-ilajları haqqındağı qospa qararınıń 1-qosımshası menen tastıyıqlanğan is-ilajlar rejesiniń 9-bántin, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2023-jıl 2-iyundağı 01-08/10-06/255-sanlı bayanlamasın, Arqa-batıs áskeriy okruginiń 2023-jıl 9-sentyabrdegi 3516-sanlı, Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrliginiń 2023-jıl 13-sentyabrdegi RS/04-02/3702-sanlı xatların inabatqa alıp:

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrligi (R.Sultanov) Qaraqalpaqstan Respublikasında “Jaslar dápteri”ne kiritilgen profilaktikalıq esapta turıwshı hám jámlespegen 100 jastı qamtıw arqalı 10 kúnlik “**Mártlik mektebi**” oqıw jıyınınıń 2-máwsimin ótkeriw menen baylanıslı qárejetleri ushın zárúr bolğan **51 992 600** (eliw bir million toğız júz toqsan eki mıń altı júz) som muğdarındağı qarjını Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń saqlawlı qorı esabınan Jaslar isleri agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasına nızamshılıqta belgilengen tiykarlar hám tártipte ajıratıw ilajlarin kórsin.

2. Jaslar isleri agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması (P.Maxsetbaev) ajıratılğan qarjılardıń nızamshılıqta názerde tutılğan tiykarlar hám tartipte, maqsetke muwapıq jumsalıwın támiyinlesin.

3. Ózbekstan Respublikası Finans ministrliginiń Qaraqalpaqstan Respublikasındağı mámleketlik finanslıq qadağalaw basqarması (B.Utambetov)nan ajıratılğan qarjılardıń nızamshılıqta ornatılğan tiykarlar hám tartipte, maqsetli sarplanıwın qadağalaw soralsın.

4. Usı biyliktiń orınlanıwın qadağalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslığınıń orınbasarı B.Otemuratovqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken’esi baslıg’ı** **F.Ermanov**